




Penahbisan Pendeta GKJ Bejiharjo

Ni Luh Putu Artha Wahyuni, S.Th.

Pasamuwan Kang Rukun Nyawiji, Dewasa lan Tumata Ngluhuraken Gusti,
Migunani Tumrap Sesami
Efesus 4:1-16

Gereja Kristen Jawa Bejiharjo
11 November 2011



Trusing Adkasa Wiyating Panembah

Sapa Kang Nemu Ingsun, iku nemu urip,
Sarta mesthi oleh sihe Pangeran Yehuwa.

Wulang Bebasan 8:35

MW

DAFTAR ISI

▪ TATA PANGIBADAH MIRUNGGAN.....	1
▪ KHOTBAH PAMBAJENG	9
▪ SAMBUTAN MAJELIS GKJ BEJIHARJO	13
▪ SAMBUTAN BADAN PELAKSANA KLASIS XLIII GEREJA-GEREJA KRISTEN JAWA GUNUNGKIDUL.....	16
▪ SAMBUTAN PEMBIMBING MASYARAKAT KRISTEN Kanwil Departemen Agama Propinsi DIY	18
▪ SAMBUTAN VISITATOR SINODE GKJ	20
▪ SAMBUTAN BUPATI GUNUNGKIDUL	22
▪ SELAYANG PANDANG SEJARAH GKJ BEJIHARJO	25
▪ SEKAPUR SIRIH PENDETA TERTAHBIS.....	35

A decorative border with intricate floral and scrollwork patterns, featuring a central floral motif at the top and bottom, and symmetrical scrollwork on the sides.

**TATA PANGIBADAH MIRUNGGAN
TAHBISAN PANDHITA GKJ BEJIHARJO**

VIKARIS

NI LUH PUTU ARTHA WAHYUNI, S.Th.

**TATA PANGIBADAH MIRUNGGAN
TAHBISAN PANDHITA GKJ BEJIHARJO GUNUNGKIDUL
"VIKARIS NI LUH PUTU ARTHA WAHYUNI, S.Th"**

Pdt : Pandhita Psw : Pasamuwan

A. Pencawisan

Warganing Pasamuwan rawuh lajeng lenggah wonten ing papan ingkang sampun kacawisaken. Dedonga pribadi lan nyinau tata panembah.
Pradataning pasamuwan, para Pandhita lan vikaris ndedonga ing konsisturi.
Salah satunggaling pradataning pasamuwan maos SK Penahbisan.
Tanda pangibadah mirunggan badhe kawiwitan kaungelaken kaping 3, pangibadah badhe kawiwitan.
Pasamuwan kasuwun jumeneng.
Ungeling gendhing :

KPK 344. SIH RAHMAT (2x)

Mugi Sih rahmate Gusti, lan sihe Allah Sang Rama wah panunggile Roh Suci, tumrah ing kawula. Amin

B. Pangibadah

1. Votum lan Salam

Pdt : Sumangga pangabekti mirunggan penahbisan Vikaris Ni Luh Putu Artha Wahyuni, S.Th punika sami kita senger kanthi pangaken :
P+P : Sang Yehuwah ingkang nitahaken langit kaliyan bumi menika tusing pitulungan kita.
Pdt : Sih rahmat lan tentrem rahayu saking Gusti Allah Rama kita, lan Gusti Yesus Kristus wonten ing para sadherek sedaya.
P+P : 5 . 6 . / 5 . 6 . / 5 . 4 . / 3 . . //
A min A min A min

2. PUJEN SESAUTAN

Pdt : Pangeran Yehuwah iku Gusti Allah, Panjenengane iku kang nitahake kita lan kita dadi kagungane, umate lan panthan wedhus ngen-nengane.
Psw : Padha lumebua liwat ing gapurane kalawan memuji Asmane,
Pdt : Lumebua ing platarane kalawan kidung pangalembana, ngaturna pamuji sokur lan ngluhuma Asmane, amarga Pangeran Yehuwah iku becik,
Psw : Sih kasetyane iku kanggo ing salawase
P+P : lan kasetyane lestari turun temurun

3. Kidung Pamuji KPK 32: 1,3

1. Sembah bekti wah puji konjuk ngarseng Gusti
Kang berkahi grejanya temah tansah begja
Injil Kratoning Allah ingundangken sumrambah
Asmanya kamulyakna dening sagung bangsa
3. Salir kidung panggunggung konjuk Hyang Maagung
Tansah sung pitulungan maring pasamuwan
Nadyan panggodha nempah rineksa mrih tan dhawah
Asmanya kamulyakna dening tyang pracaya.

4. Pangakening Dosa

Pdt : Pasamuwan ingkang kinasih, Gusti ngersakaken supados kita nggadahi gesang wonten ing salebeting katresnan, kados pangandikanipun wonten ing Yokanan 15:9-12.

Sarana migatosaken dhawuh katresnan punika cetha sanget anggen kita boten saged nindakaken dhawuh punika kanthi jangkep lan wetah. Pramila sumangga kita ngakeni lan nlangrani dosa kita sarta nyuwun Sih pitulunganipun Gusti srana sesarengan ngrepekaken Kidung 204:2,3 :

2. Dhuh Gusti Kula nglenggana mring dosa nggih lepat kula
tan saged nguwalken dhiri sing rehing pati antaka
mung ngengungken sih Paduka Allah kang Mahawilasa.
3. Dhuh Gusti kula ngakeni sih Paduka agung yekti
wit sedaning Kristus Gusti kula luwar saking pati
sinungan gesang sejati langgeng wilujeng ing swargi.

5. PAWARTOS SIH RAHMAT

Roma 15:5-6 Muga-muga Gusti Allah kang dadi etuking sabar mantep sarta panglipur, karsaa maringi karukunan marang kowe, kaya kang dikarsakake dening Sang Kristus Yesus, satemah kalawan saiyeg sarta tunggal swara, kowe padha ngluhurake Gusti Allah, lan Kang Ramane Gusti kita, Gusti Yesus Kristus.

6. PITEDAH GESANG ENGGAL

Roma 15:7 : Mulane kowe padha tampan-tinampanana, padha kaya Sang Kristus anggone uga wus nampani kita, kagem kaluhurane Gusti Allah.

7. KIDUNG KASANGGEMAN 319:1,3 ENDAHE SADULURAN

1. Endahe saduluran manut rehing Pangeran,
Sami dene ngajeni, wah mbiyantoni,
Nadyan beda agama wah beda golonganannya,
Tunggal rasa pambekan pri kamanungsan.

Reff :

Kluwung pindhanya endah ing warna,
Nyawiji mbangun urip kang adya, tentrem raharja

3. Rukun gawe santosa crah mung bubrah wohira,
Ngestokna sabdeng Gusti tresna sesami,
Nadyan panemu beda nging tan samya sulaya,
olah kawicaksanan tan nang menangan.

Reff :

8. PANDONGA SOKUR LAN SAFAAT

9. TAHBISAN PANDITA

Pamaosing Pratelan

Pasamuwan ingkang dipun kasihi déning Gusti Yesus Kristus,

Kados ingkang sampun kawartosaken ing pawartosing Pasamuwan sarta mboten wonten panyaruwé ingkang sah, ingkang kaaturaken dhateng Pradataning Pasamuwan; ing pangibadah menika badhé katetepaken kalenggahan Pandhita.

Pasamuwan menika mujudaken patunggilanipun para tiyang pitados ingkang underanipun wonten ing Sang Kristus. Minangka patunggilanipun para tiyang pitados, pasamuwan nggadhahi kepemimpinan ingkang dumados saking kalih sisih, inggih menika:

- a. Sisih Kaallahan, awit Pasamuwan kapimpin déning Gusti Allah srana pakaryanipun Roh Suci, sarta Kitab Suci ingkang dados pirantosipun.
- b. Sisih Kamanungsan, awit Pasamuwan kapimpin déning manungsa, awit saking kersanipun Gusti Allah.

Awit saking menika, Gusti Allah nimbali para pelados mirunggan, inggih menika Pinisepuh, Pandhita tuwin Diaken. Déné kuwajibanipun Pandhita, inggih menika:

- 1) Sesarengan kaliyan Pinisepuh lan Diaken, tanggel jawab dhateng sawernining peladosanipun Pasamuwan, dadosa bab Pangudhanging Injil, pangrimating kapitadosanipun warga pasamuwan, menapa déné bab organisasining pasamuwan.
- 2) Mulangaken pangandikanipun Gusti Allah, ngladosaken sakramen, sarta upacara-upacara greja.

Sedaya kuwajiban menika katindakaken murih Pasamuwanipun Gusti Yesus Kristus maédahi tumrap pakaryanipun Gusti kangge kawilujenganipun jagad.

Wonten ing pangibadah menika Sedhèrèk **Vikaris Ni Luh Putu Artha Wahyuni, S.Th** badhé katahbisaken/katetepaken ing kalenggahan Pandhita.

Samangké Sedhèrèk ingkang badhé katahbisaken/ katetepaken ing kalenggahan Pandhita, inggih menika Sedhèrèk **Vikaris Ni Luh Putu Artha Wahyuni, S.Th** kaaturan jumeneng.

Supados Pasamuwan neksèni, bilih Panjenengan sagah nindakaken kuwajiban kapandhitan kanthi setya lan bingahing manah, panjenengan kula aturi mangsuli pitakènan-pitakènan menika:

1. Panjenengan menapa pitados, bilih Gusti Allah nimbali panjenengan dados Pandhita lantaran Pasamuwanipun ing salebeting patunggilanipun Klasis lan Sinode GKJ?
2. Panjenengan menapa ngakeni, bilih Gusti Yesus Kristus Ratuning Pasamuwan ngersakaken panjenengan nindakaken kuwajiban Pandhita kanthi tanggel jawab, murih pasamuwanipun Gusti Yesus Kristus maédahi tumrap pakaryanipun Gusti kangge kawilujenganipun jagad?
3. Panjenengan menapa sagah nindakaken kuwajiban kapandhitan kanthi tumemen adhedhasar Kitab Suci, Pokok-Pokok Ajaran GKJ, sarta Tata Gereja lan Tata Laksana GKJ?
4. Panjenengan menapa sagah nyambut damel sesarengan kaliyan para sedherek ingkang sami kagungan kalenggahan mirunggan sanesipun ing pasamuwan ngriki?
5. Panjenengan menapa sagah nyambut damel sesarengan kanthi urmat-ingurmatan kaliyan Pasamuwan-pasamuwan sanès, ingkang ugi mujudaken sariranipun Sang Kristus, mekaten ugi kaliyan sesami ingkang ngugemi keyakinan/agami sanès, murih ndhatengaken katentreman sarta karaharjaning gesang?
6. Panjenengan menapa sagah nampèni sawernining pangengèn adhedhasar Kitab Suci?

Pananting

- Pdt : Kadospundi wangsulan panjenengan Sedhèrèk Vikaris Ni Luh Putu Artha Wahyuni, S.Th?
Vik. : "Inggihi kanthi gumolonging manah"
Pdt : Para pandhita kaaturan ngempal ing sakupengipun Vikaris Ni Luh Putu Artha Wahyuni, S.Th.

Kairing Bawa Dhandhanggula

Pandhita nglantaraken berkah

Gusti Allah ingkang Mahatresna, mberkahi panjenengan ing salebetipun nindakaken peladosan ingkang mulya punika. Gusti Allah ingkang miwiti pakaryan ingkang sae punika, badhe ngajengaken ngantos dumugi wekasanipun. Tansah bingaha lan ndedongaa, sarta ngunjukna panuwun ing sadhengah kawontenan. Amin.

**Pandhita nglantaraken pandonga sokur tuwin panyuwun,
Para Pandhita kaaturan lenggah malih.
Pangageming Toga**

Salajengipun Pandhita ingkang nembe katetepaken wau kaaturan ngajengaken Pasamuwan. Pandhita ingkang netepaken, nglantaraken timbalan peladosan mekaten:

Sadherek Pandhita Ni Luh Putu Artha Wahyuni, S.Th,

Ing ngajeng panjenengan punika pasamuwanipun Gusti Allah ingkang kedah panjenengan engen. Ing salebeting nindakaken ayahan menika, panjenengan tansaha ngengeti pangandikanipun Gusti Allah, ingkang mekaten :

"Pepanthan mendane Gusti Allah kang ana ing kowe iku engoneni; aja merga kepeksa, nanging klawan legawaning ati, laras karo kersaning Allah, sarta aja merga kepengin oleh kauntungan, nanging klawan rasa leladi. Kowe aja tumindak kaya-kaya ngwasani pasamuwan reksanmu, nanging dadia tuladha tumrap pepanthan iku."

Pandhita ngaturi wakiling Pradata masrahaken simbol-simbol utawi pirantosing peladosan.

(Masrahaken Kitab Suci)

"Kowé nggelama pangandika, sumanggema ing wektu kang becik, utawa ing wektu kang ora becik; melèhna apa kang luput, nyrengenana lan mituturana klawan sakehing kasabaran lan piwulang."

(Masrahaken pirantos Sakramen Baptis)

"Mulane padha lungaa, sakabehing bangsa padha dadekna siswaKu, lan padha baptisen ing asmane Sang Rama, Sang Putra lan Sang Roh Suci."

(Masrahaken pirantos Sakramen Bujana)

"Awit saben-saben kowé padha mangan roti iki sarta ngombé ing tuwung iki, iku ateges kowé padha martakaké sedané Gusti nganti tumeka ing rawuhé."

Pandhita masrahaken akta tetapan Pandhita, lajeng masrahaken Pandhita ingkang nembe katetepaken kalenggahanipun dhateng Pasamuwan.

Pasamuwan ingkang dipun kasihi déning Gusti Yesus Kristus,
Sedhèrèk **Pandhita Ni Luh Putu Artha Wahyuni, S.Th** menika katampia anggènipun badhe ngengèn panjenengan sarta nindakaken peladosaning Pasamuwan. Awit saking menika katresnana, kabiyantua srana pandonga, daya lan dana supados saged nindakaken kuwajiban kanthi saé sarta tanggel jawab murih asmanipun Gusti Allah kaluhuraken lan Pasamuwanipun kabangun.

Pandhita Yusak Sumardiko, S.Th. masrahaken Kitab Suci dhateng Pandhita Ni Luh Putu Artha Wahyuni, S.Th lan kaaturan minggah mimbar nglajengaken peladosan. **(Kasarengan Paduan Suara GKJ Bejiharjo " IKUTLAH RAJAMU")**

10.KHOTBAH

- a. Waosan : Efesus 4: 1-16
- b. Jejer : Pasamuwan rukun nyawiji, dewasa lan tumata ngluhuraken Gusti sarta migunani tumrap sesami.
- c. Wekdal ening

11.PISUNGSUNG SOKUR

- a. Pangatag : Ibrani 13:15-16
- b. Kidung 187: **Pisungsung Jiwa Raga**
 1. Jiwa raga kawula konjuk mring Sang Pamarta, mugi dados lantaran kamulyaning Pangeran, kamulyaning Pangeran.
 2. Tangan suku kawula nindakken pakaryannya, mrih sesami basuki nampeni sihing Gusti, nampeni sihing Gusti.
 3. Dalah kedaling ilat nggih ngundhangken sih rahmat, temah asmaning Gusti datan kendhat pinuji, datan kendhat pinuji.
 4. Bandha lan kasugihan, wekdal wah kasagedan, nggih gesang sawetahnya dadya pisungsung nyata, dadya pisungsung nyata.

12.PANDONGA PANUTUP

13.KIDUNG PUNGKASANING PANGABEKTI KPK 105. GESANG TRESNA-TINRESNAN

1. Ing satengahing bebrayan agung mung Pangeran pantes ginunggung
rahmatnya binabarken sanyata tumrah mring pra titah sadaya
Reff :
Tumemen ndedonga lan makarya mrih kebabaring tentrem raharja
Nggih gesang memitran wah pasedherekan wit tyang sedaya tresna
tinresnan.
2. Nadyan beda basa seje bangsa, wah beda adat budayanya,
nging saestu punika sesami, kang kinasihan dening Gusti,
Reff :
3. Sadaya datan pantes gumunggung, ngongasken dhiri kumalungkung,
mung gesang kanthi lembah ing manah, ngrumaosi jejer ing titah,
Reff :

14.SAHADAT

15.BERKAH

Pdt : Pasamuwan kinasih, sami ngenema manah panjenengan
dhumateng Gusti, sami dadosa seksinipun Gusti wonten ing
pundia papan dunung panjenengan lan wangsula kanthi tentrem
rahayu, nampenana berkahipun Gusti : Sih Rahmatipun Gusti
Yesus Kristus, saha sihipun Allah Sang Rama, tuwin
patunggilanipun Sang Roh Suci tumraha ing para sadherek
P+P : Amin

16. PANUTUP

Pandhita Ni Luh Putu Artha Wahyuni, S.Th mandap saking mimbar kairing gending :

KPK 343 : PURNANING PANGABEKTI

Pinujia nggih Allah Sang Rama wah Sang Putra lan Roh Suci

puma pangabekti aneng greja ngrasuk gesang saben ari

Reff :

Payo nindakna kang trusing ati sabdaning Gusti sung gesang yekti

Sinartan dening berkahing Gusti sung sing rahmat mring sesami

Kalajengaken Foto sesarengan :

1. Pandhita Ni Luh Putu Artha Wahyuni, S.Th kaliyan para pradata GKJ Bejiharjo.
2. Pandhita Ni Luh Putu Artha Wahyuni, S.Th kaliyan para para Pandhita Klasis Gunungkidul
3. Pandhita Ni Luh Putu Artha Wahyuni, S.Th kaliyan para Pandhita Penahbis lan Romo

Wangsul ndedonga ing Konsisturi.



KHOTBAH PAMBAJENG

Waosan: Efesus 4:1-16

*"Pasamuwan Kang Rukun Nyawiji, Dewasa lan Tumata
Ngluhuraken Gusti, Migunani Tumrap Sesami"*

Para Sadherek ingkang kinasih,

Rukun agawe santosa crah agawe bubrah, punika salah satunggaling paribasan jawi (wewarah) ingkang adiluhung. Rukun njalari kiyat, amargi sami gesang tulung tinulung, sami dene nggatosaken lan mbiyantoni. Lumantar pirukun punika masyarakat saged nggayuh katentreman lan bedamen. Kosok wangsulipun crah utawi cecongkraham njalari risaking sesambetan lan wusananipun bubrah. Pirukun pancen dados pepenginanipun sedaya manungsa, ananging kasunyatanipun angel mawujudaken. Minangka makhluk sosial manungsa boten saged gesang piyambakan lan tansah mbetahaken tiyang sanes. Sinanosa mekaten manungsa saged nunggil rukun lan ngempal sesarengan menawi wonten tangsuling sesambetan. Tangsuling sesambetan punika arupi klangenan ingkang sami (hobby), Keyakinan/agami, prinsip ideologi (partai), lan sanes-sanesipun. Gereja ugi dados salah setunggalipun pakempalan ingkang dipun pangaribawani dening kapitadosan ingkang sami dhumateng Gusti Yesus Kristus, nanging kanyata ugi boten gampil mawujudaken pirukun.

Para Sadherek ingkang kinasih,

Pasamuwan Efesus pitados dhumateng Gusti Yesus awit saking wohing penginjilan ingkang katindakaken dening Rasul Paulus. Gesangipun pasamuwan Efesus boten uwal saking tantangan ingkang awrat ingkang kedah dipun adepi. Wonten bebaya sae saking salebeting pasamuwan punapa dene saking sawawining pasamuwan. Paulus ingkang sampun nate gesang lan mucal ing satengahing pasamuwan

punika, pirsu kawontenan punika. Pasamuwan Efesus punika madeg kabangun saking tiyang-tiyang ingkang asalipun saking maneka wemi bangsa, kadosta bangsa Yahudi, bangsa Yunani, lan bangsa-bangsa manca sanesipun ingkang sami ngempal ing Efesus. Prekawis menika boten mokal awit Efesus minangka kitha pelabuhan ageng pancen nggadhahi daya pangaribawa tumrap tiyang-tiyang saking maneka wemi bangsa sami neneka lan netep ing Efesus kangge pados pagesangan ingkang langkung sae. Latar belakang pasamuwan ingkang maneka werni punika saged dados dadakan tuwuhing cecongkrahlan. Ing sisih sanes wontenipun guru panasaran ingkang mulang piwulang nasar ingkang njalari pasamuwan wiwit sami nilar imanipun.

Para Sedherek ingkang kinasih,

Paulus rumaos prihatos neksteni saha mireng pawartos kawontenan pasamuwan Efesus punika. Pramila Rasul Paulus lajeng ngintun serat kangge pasamuwan Efesus ingkang wosipun wewarah, prentah, piwucal supados pasamuwan tetepa setya gesang ing salebeting patunggilan kaliyan Gusti Yesus Kristus. Secara mirunggan ngadepi kawontenan punika wonten tigang prekawis ingkang perlu dipun gatosaken dening pasamuwan inggih punika :

1. Pirukun/manunggal

Manunggal ing piwucal punika tegesipun dados badan setunggal. Kitab Suci ngandaraken bilih sedaya tiyang pitados punika sampun manunggal dados badan setunggal lan Sang Kristus minangka sesirahipun. Badan setunggal nggambaraken setunggaling kawontenan ingkang wetah sinaosa gegelitanipun kathah nanging sami sambet lan boten saged kapisah-pisahaken, boten wonten Yahudi utawi Yunani. Pasamuwan Efesus pancen maneka warni kawontenanipun lan punika wujud peparing saking Gusti ingkang saged katampi minangka berkah. Peparang saha kawontenan ingkang maneka wemi punika badhe ndayani tumrap sesami menawi saged manunggal kanthi rukun.

2. Kadiwasan

Pasamuwan Efesus dipun bereg supados sangsaya mindhak kadiwasanipun, boten kados dene lare ingkang gampil katut piwucal nasar. Piwulang nasar ingkang katindhakaken dening guru-guru penasaran pancen dados tantangan saking njawi ingkang awrat. Pramila Paulus ngengetaken supados pasamuwan boten gampil kepencut dhateng piwucal-piwucal kala wau. Pasamuwan kedah tumindhak kanthi dewasa anyikepi kawontenan saha boten katut dening ombyaking kitha Efesus ingkang metropolitan.

3. Tumata

Pasamuwan pindha badan karipta dening Gusti kanthi tumata runtut lan kaiket dados setunggal. Tumataning pasamuwan saged mawujud nalika sedaya sami manunggal lan anggadhahi pangertosan ingkang leres bab Putraning Allah. Lumantar kesadharan lan pangertosanipun warganing pasamuwan ingkang maneka werni badhe sangsaya ngiyataken saha ngekahaken pambangunaning pasamuwan. Para Penginjil, warganing pasamuwan saha pemimpining pasamuwan sageda nindhakaken tata peladosaning pasamuwan kanthi tumata runtut manut peranganipun piyambak-piyambak.

Para Sadherek ingkang kinasih,

Mawujudaken gesang rukun manunggal, dewasa, lan gesang tumata punika boten gampil. Pasamuwan Bejiharjo gesang ing satengahing masyarakat padesan ugi boten uwal saking maneka werni tantangan, sae saking salebeting pasamuwan punapa dene saking sakjawining pasamuwan. Tantangan saking salebeting pasamuwan kadosta latar belakang warganing pasamuwan ingkang maneka warni sae ing babagan tingkat ekonomi punapa dene pendidikan, lan sanes-sanesipun, punika dados padamelan ingkang boten gampil kangge nunggilaken, bobot kesadaran lan pangertosan (tingkat kadiwasan) ingkang boten sami antawisipun warga setunggal lan setunggalipun saha tumataning organisasi pasamuwan

ingkang taksih sami sinau ugi karaos dereng mapan dados tantangan piyambak ingkang kedhah dipun adhepi. Tantangan saking njawi inggih punika wontenipun piwucal ingkang maneka werni mangaribawani kapitadosanipun warganing pasamuwan, dereng malih ombyaking jaman saha kemajenganipun ingkang njalari pasamuwan kedhah samekta ngadepi prekawis punika.

Para Sedherek ingkang kinasih,

Minangka pamulang saha pamomonging pasamuwan ing Bejiharjo, kula kepengin sesarengan kaliyan warganing pasamuwan Bejiharjo mujudaken tigang bab ing nginggil kala wau inggih punika manunggal rukun, mindhak dewasa saha gesang tumata. Kangge mujudaken tigang bab menika kula boten saged piyambakan. Kawula ngrumaosi kathah kekiranganipun pramila nyuwun panyengkuyungipun sedaya warga, saha mitra pelados sae ing GKJ Bejiharjo punapa dene pasamuwan Klasis Gunungkidul saha Sinode GKJ dalasan masyarakat supados karukunan, kadiwasan saha tumataning pasamuwan ing Bejiharjo badhe njalari daya kekiyatan ingkang migunani tumrap sesami. Sumangga dhumateng warganing pasamuwan Bejiharjo kita sesarengan mawujudaken gesang ing pirukun, mbangun kadiwasan saha nata gesanging pasamuwan kagem kaluhuranipun Gusti saha gesanging sesami.

Gusti mberkahi kita. Amin.



SAMBUTAN-SAMBUTAN

**SAMBUTAN MAJELIS GKJ BEJIHARJO
PADA PENAHBISAN PENDETA GKJ BEJIHARJO
JUMAT, 11 NOPEMBER 2011**

Ingkang kawula hormati

Ibu Bupati Gunungkidul,

Kepala Kantor Kementrian Agama Propinsi DIY

Badan Pelaksana Sinode GKJ

Badan Pelaksana Klasis Gunungkidul

Badan Pengawas Klasis Gunungkidul

Ketua PGI Gunungkidul

Ketua Badan Kerjasama Gereja Gunungkidul

Bapak Camat, Bapak Kapolsek, Bapak Danramil

Bapak Lurah Desa Ngawis lan Bejiharjo

Bapak bapak perangkat desa

Bapak Duku lan utusan Gereja se Klasis Gunungkidul

Sedaya tamu undangan lan warganing pasamuwan GKJ Bejiharjo ingkang kawula tresnani.

Pinujia Asma Dalem Gusti Yesus,

Lumantar berkahipun Gusti, mugi kawilujengan dalah nugrahaning Gusti tansah kajiwo, kasarira wonten ing kita sadaya.

Puji lan panuwun sokur konjuk dhumateng Gusti ingkang Maha Kuwasa, ingkang sampun paring berkah dhumateng kawula sadaya, temah ing wanci punika saged kekempalan kanthi wilujeng. Mugi karsa Dalem Gusti ingkang kalampahan mahanani pahargyan punika wiwit purwa, madya lan wusananipun kebak ing kawilujengan.

Awit asmanipun pradataning pasamuwan lan Pasamuwan GKJ Bejiharjo, kepareng kawula ngaturaken sugeng rawuh lan maturnuwun awit rawuh

panjenengan sedaya, ingkang sampun kepareng minangkani panyuwunan kawula ing adicara Penahbisan Pandhita GKJ Bejiharjo wekdal punika.

Bapak-Ibu para lenggah ingkang kawula homati, GKJ Bejiharjo madeg dados gereja diwasa wiwit dinten Sabtu, 11 April 2009. Saksampunipun diwasa, pradataning pawamuwan ingkang sinengkuyung sedaya warga adreng gadhah pandhita piyambak kangge lelados ing GKJ Bejiharjo.

Gusti sampun paring berkah kadarman ing saklebetipun GKJ Bejiharjo nindakaken timbalan Pandhita, wiwit saking ngupadi calon, nepangaken calon, pemilihan, masa orientasi, ujian peremtoar lan masa vikariat ngantos dumugi ing penahbisan, sedaya lumampah kanthi rancak awit saking pitulunganipun Gusti Allah. Ing ri kalenggahan punika, Jemuah Pon, 11 Nopember 2011, Vikaris Ni Luh Putu Artha Wahyuni, S.Th. katetepaken kalenggahanipun pinangka Pandhita GKJ Bejiharjo.

Sedaya ingkang lumampah punika, boten amargi kemampuan lan kesagedan warga pasamuwan GKJ Bejiharjo, nanging saking panyengkuyung lan pambiyantu saking panjenengan sadaya. Mila keparenga kawula awit asmanipun pasamuwan GKJ Bejiharjo, ngaturkan panuwun dhumateng:

- a. Pemerintah wiwit saking tataran padukuhan, Desa, Kecamatan, Kabupaten dumugi tataran Propinsi.
- b. Badan Pelaksana Sinode GKJ, Badan Pelaksana Klasis, lan gereja-gereja se Klasis Gunungkidul
- c. Sedaya majelis GKJ Gondokusuman
- d. Sedaya pihak ingkang boten saged kasebat setunggal-setunggal ingkang kepareng nyengkuyung, ndayani sedaya lumampah kanthi rancak lan berkahing Gusti tansah lumintu.

Ing saklajengipun, kula nyuwun pambiyantu pandonga ugi wewarah murih GKJ Bejiharjo lumampah sae lan majeng, semanten ugi Ibu Pendeta Ni Luh Putu Artha Wahyuni, S.Th. saged nindakaken ayahanipun kanthi sae. Kanthi penahbisan menika, mujudaken sejarah enggal ing Klasis Gunungkidul, amargi Ibu Ni Luh Putu

Artha Wahyuni, S.Th. dados Pandhita putri ingkang sepisan ing wewengkon Kabupaten Gunungkidul.

Bapak Ibu Tamu undangan ingkang kinurmatan, wonten ing adicara menika, kawula nyuwun keparengipun paring pamedhar sabda minangka wewarah:

1. Badan Pelaksana Sinode GKJ
2. Badan Pelaksana Klasis GKJ Gunungkidul
3. Bupati Gunungkidul

Awit keparengipun paring pamedhar sabda, kula ngaturaken maturnuwun.

Kagem Ibu Pandita Ni Luh Putu Artha Wahyuni, S.Th., kanthi tahbisan punika, kawula pradataning pasamuwan ngantu-antu dhumateng panjenengan mugè saged nampi, ngraosaken lan nindakaken ayahan peladosan punika. Tansaha andhap asor, boten gumunggung, purun tansah sinau dhateng sinten kemawon, langkung malih sinau dhumateng Gusti Yesus minangka Ratuning Pasamuwan. Tansah mbangun sesambetan ingkang sae kaliyan sinten kemawon lan sesarengan warganing pasamuwan sangkul sinangkul kagem mbangun Kratoning Allah lan saged kaagem dening Gusti dados lantaran berkah dhateng sesami. Gusti ingkang nimbali, Gusti ingkang miji lan Gusti ugi ingkang badhe nganthi panjenengan. Sugeng lelados kagem Gusti ing Pasamuwan lan masyarakat.

Mekaten atur kula, wonten atur ingkang kirang nuju prana, kula nyuwun pangapunten.
Maturnuwun.



Majelis GKJ Bejiharjo

Ketua

Antonius Kiman



KLASIS GEREJA-GEREJA KRISTEN JAWA GUNUNGKIDUL

Alamat : Jl. Karangmojo Km 2.3 Selang Wonosari Gunungkidul Telp (0274)391234

SAMBUTAN BADAN PELAKSANA KLASIS XLIII GEREJA-GEREJA KRISTEN JAWA GUNUNGKIDUL

Pada Penahbisan Sdri. Vicaris Ni Luh Putu Artha Wahyuni, S.Th. sebagai Pendeta GKJ Bejiharjo

11 Nopember 2011

Pertama-tama kami sampaikan salam persekutuan dari 12 Gereja GKJ Klasik Gunungkidul dan ucapan selamat berbahagia kepada seluruh jemaat GKJ Bejiharjo, dan Pdt. Ni Luh Putu Artha Wahyuni, S.Th.

Kedua, kami sampaikan bahwa Gereja-gereja Kristen Jawa Klasik Gunungkidul menyambut dengan suka cita dan rasa syukur atas peristiwa pentahbisan Pendeta pada saat ini. Dengan ditahbiskannya Vikaris Ni Luh Putu Artha Wahyuni, S.Th. menjadi Pendeta di GKJ Bejiharjo, berarti menambah kekuatan pelayanan di lingkungan Klasik Gunungkidul. Saat ini Klasik Gunungkidul memiliki 14 Pendeta aktif dan 4 pendeta emeritus. Lebih istimewa lagi, Pdt. Ni Luh Putu Artha Wahyuni, S.Th. adalah pendeta perempuan pertama sepanjang sejarah Klasik Gunungkidul sampai hari ini.

Ditengah-tengah rasa sukacita ini, kami memiliki harapan yang perlu kami sampaikan yaitu:

1. Untuk Ibu Pendeta Ni Luh Putu Artha Wahyuni, S.Th.

Selamat memasuki dunia pelayanan di jemaat GKJ Bejiharjo, kami mengharapkan ibu Pdt. Ni Luh Putu Artha Wahyuni, S.Th. dapat menjadi motivator yang baik bagi pelayanan di GKJ Bejiharjo ke depan. Ditengah budaya Jawa yang khas patriakal, perempuan kadang masih dipandang sebelah

mata. Namun jangan berkecil hati, GKJ Bejiharjo telah menunjukkan penerimaan yang baik. Itu adalah modal awal untuk Ibu Pdt. Ni Luh Putu Artha Wahyuni, S.Th. berkarya dengan leluasa. Tunjukkan pada semua bahwa seorang perempuan juga memiliki banyak kelebihan. Perempuan lebih telaten, perempuan lebih cermat, perempuan lebih mampu mengungkapkan perasaan kasih sayang, seperti seorang ibu kepada seluruh anggota keluarganya. Kiranya dengan sentuhan seorang ibu, suasana berjemaat di GKJ Bejiharjo akan menjadi lebih hangat.


2. Untuk GKJ Bejiharjo

Kami salut kepada jemaat GKJ Bejiharjo sebagai gereja yang masih muda, sudah menunjukkan kedewasaan berfikir. Ini terlihat dari dipilihnya seorang perempuan untuk memimpin jemaat. Tidak semua gereja berfikir maju seperti GKJ Bejiharjo. Kami berharap pola berfikir yang maju ini terus mewarnai pemikiran dan karya pelayanan di GKJ Bejiharjo ke depan. Sehebat apapun seseorang, pasti memiliki banyak kekurangan termasuk ibu Pdt. Ni Luh Putu Artha Wahyuni, S.Th., kiranya seluruh jemaat terus mendukung dalam karya penyelamatannya. "jangan *dirasani*, lebih baik *dikandani*" jika memang ada hal yang dirasa kurang pas dalam pelayanan dan kehidupan pribadinya.

Demikianlah, kami gereja-gereja GKJ Klasik Gunungkidul, menyambut dengan sukacita, syukur dan harapan. Kiranya Kasih Kristus Sang Raja Gereja menyertai dan memberkati pelayanan kita semua.


Pdt. Yogantoro Prasetyawan
Ketua


Salam dan Hormat
Badan Pelaksana Klasik XI/III
Gereja-Gereja Kristen Jawa Gunungkidul


Pdt. Anugrah Kristian, S.Si.
Sekretaris



KEMENTERIAN AGAMA
KANWIL PROVINSI DAERAH ISTIMEWA YOGYAKARTA

Jalan Sukonandi Nomor 8 Telp. (0274)513492 Fax. (0274)589335 Yogyakarta 55166

SAMBUTAN PEMBIMBING MASYARAKAT KRISTEN

Kanwil Departemen Agama

Propinsi Daerah Istimewa Yogyakarta pada acara Penahbisan Pendeta Gereja
Kristen Jawa (GKJ) Bejiharjo

Salam sejahtera bagi kita semua,

Puji dan syukur kepada Tuhan Yesus Kepala Gereja, yang oleh kasih karunia-Nya kita boleh bertemu dalam ibadah Penahbisan Sdr. Vik. Ni Luh Putu Artha Wahyuni sebagai Pendeta Gereja Kristen Jawa (GKJ) Bejiharjo. Setelah Tahun 2009 yang lalu GKJ Bejiharjo diberkati Tuhan sehingga mampu untuk berdiri menjadi Gereja dewasa, tentu jemaat memiliki kerinduan yang besar untuk memiliki Pendeta yang mampu untuk membawa Jemaat GKJ Bejiharjo menjadi jemaat yang dewasa secara iman dan mampu menata organisasi gereja dengan baik. Dan saat ini, karena berkat Tuhan pula, Jemaat GKJ Bejiharjo telah menahbiskan seorang pendeta. Bukan hanya berhasil menahbiskan seorang pendeta, tetapi GKJ Bejiharjo memiliki pendeta perempuan pertama di Gunungkidul yang diharapkan mampu untuk memberi warna baru dalam pelayanan Gereja-Gereja Kristen Jawa di Klasik Gunungkidul ini.

Saudara-saudara yang dikasihi Tuhan Yesus.

Kehidupan sebuah Gereja bukanlah ditentukan oleh seorang Pendeta. Tetapi dengan adanya seorang Pendeta tentu diharapkan Gereja mampu untuk semakin berkembang baik secara kualitas maupun kuantitas. Untuk itu kami ucapkan selamat kepada Pendeta tertahbis, Panitia dan Majelis dan seluruh jemaat GKJ Bejiharjo. Dengan ditahbiskannya Vik. Ni Luh Putu Artha Wahyuni, hendaknya menjadikan semangat bagi jemaat untuk semakin berkarya demi kemuliaan Tuhan.

Saya berharap bahwa kedepan, jemaat dan pendeta bisa saling bahu membahu untuk menciptakan damai sejahtera Allah terkhusus di wilayah pelayanan GKJ Bejiharjo.


Bapak, Ibu yang dikasihi Tuhan.

Saat ini juga perlu saya sampaikan. bahwa terkait dengan kejadian yang dialami oleh umat Kristen di GBIS Kepunton beberapa waktu lalu, kita diingatkan untuk tetap waspada dan tidak terpancing suasana. Selain itu hendaklah kita tidak terburu-buru menyalahkan pihak lain, tetapi marilah kita terlebih dahulu berefleksi atas kehidupan gereja di tengah masyarakat. Apakah Gereja sudah mampu memancarkan terang kasih Kristus ditengah-tengah masyarakat? Apakah Gereja sudah mampu menjalin kerjasama dengan agama lain? Apakah Gereja sudah mampu belajar memahami pihak lain ataukah hanya menuntut untuk dipahami.

Gereja yang dikehendaki Tuhan adalah Gereja yang hidup. Gereja yang tidak eksklusif, Gereja yang mampu untuk memancarkan cinta kasih Allah bukan hanya bagi anggotanya, tetapi juga bagi masyarakat disekitarnya. Oleh karena itu marilah kita senantiasa berusaha menjalin kerjasama dan hubungan yang baik dengan masyarakat dan pemerintah sehingga Gereja boleh senantiasa menjadi alat Tuhan di dalam menyatakan kasihNya kepada semua umat manusia.

Demikian sambutan ini saya sampaikan. Kiranya Tuhan Yesus, memberkati dan menyempurnakan pekerjaan pelayanan kita.

An. Kepala,
Pembimbing Masyarakat Kristen



Petrus Marija
NIP 196204091993031005

SAMBUTAN VISITATOR SINODE GKJ DALAM PENAHBISAN PENDETA GKJ BEJIHARJO

**ATAS DIRI Sdr. NILUH PUTU ARTHA WAHYUNI, S.Th.
Jumat, 11 Nopember 2011**

Yang kami hormati :

- Bupati Kepala Daerah Gunungkidul,
- Pembimas Kristen Kementrian Agama Kanwil DIY
- Badan Pelaksana dan Badan Pengawas Klasis Gunung Kidul
- Gereja-gereja Kristen Jawa se Klasis Gunung Kidul
- Seluruh tamu undangan
- Serta Majelis dan Jemaat GKJ Bejiharjo yang berbahagia;

Atas nama Gereja-Gereja Kristen Jawa se Sinode GKJ, Badan Pelaksana Sinode dan Badan Pengawas Sinode XXV GKJ, serta Badan-badan, Lembaga dan Yayasan-Yayasan di lingkup Sinode GKJ perkenalkan kami menyampaikan beberapa hal sebagai berikut :

1. Turut bersyukur dan turut berbahagia atas Penahbisan Pendeta GKJ Bejiharjo atas diri Sdr. NILUH PUTU ARTHA WAHYUNI, S.Th.
2. Ucapan Selamat kepada GKJ Bejiharjo yang telah diberkati Tuhan dalam bentuk ditahbiskannya seorang Pendeta atas diri Sdr. Niluh Putu Artha Wahyuni.
3. Ucapan Selamat kepada Sdr. Niluh Putu Artha Wahyuni yang telah ditahbiskan sebagai Pendeta.
4. Menyampaikan harapan-harapan serta doa :
 - a. Kiranya seluruh Majelis dan jemaat terus menerus mendoakan dan mencintai Pendetanya (dan keluarganya). Serta mendukung dengan tulus ikhlas sehingga Pendeta dapat berkarya maksimal dalam sukacita. Kasih dan penghargaan kepada Pendeta sebagai Gembala kiranya tidak akan pernah surut.
 - b. Semoga Majelis, Jemaat dan Pdt. Niluh Putu Artha Wahyuni dapat terus menerus melakukan kerja sama yang baik .

c. Semoga disadari oleh Majelis dan Jemaat serta Pendeta itu sendiri bahwa Pendeta juga manusia biasa yang memiliki kelemahan dan keterbatasan. Ia bukan "malaikat" atau manusia super yang mampu segala-galanya. Bukan juga manusia sempurna. Oleh karena itu semua pihak terpanggil untuk saling mendukung dan memperlengkapi.

d. Kiranya Pdt. Niluh Putu Artha Wahyuni terus menerus berusaha:

- Mengembangkan karakter dan spiritualitasnya, sehingga penghayatannya tentang Panggilan terus menerus mewarnai dalam seluruh karya pelayanannya
- Mengembangkan pengetahuan dan ketrampilan pelayanan. Dengan demikian akan memiliki kadar intelektualitas dan skill cukup dalam pelayanan.
- Mengembangkan kehidupan berkeluarga, bergereja dan bermasyarakat yang baik
- Menjaga kesehatan fisik dan emosi melalui latihan teratur, kebiasaan makan yang sehat, dan pemeliharaan jasmani yang semestinya.

